Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 8 (78011)
22 Февраль
Хамиз
2024 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## ВатIан цIунулезул байрамгун!



РакI-ракIалъ баркула районалъул гIадамазда, рагъулгун захIматалъул ветераназда, Россиялъул Армиялда хъулухъ гьабулел ругел гIолохъабазда,тылалда хIалтIаразда ВатIан цIунулезул къо!

Исана 23 февралалда нилъер цIар рагIараб Армия гIуцIаралдаса II6 сон тIубала. Къоабилеб гIасруялъул авалалда къучI лъураб гьелъ нилъер тарихалда меседилаб хатIалъ хъвана тарихиял гьормал. Нилъер кIудияб пачалихъалъул ва гьелъул халкъалъул мурадал ва эркенлъи цIуниялъе гIоло къеркьараб БагIараб Армиялъ I94I-I945 саназда хIехьезе ккана КIудияб ВатIанияб рагъул бицун бажаруларебгIан захIматаб кьогIлъи.

Рагъул саназдаги ракълил захIматалдаги Россиялъул Армиялда батIи-батIиял бакIазда рагъулаб хъулухъ тIубазабулаго районалъул гIолохъабазги бихьизабуна къо хIехьеялъул ва бахIарчилъиялъул мисал.

ЗахIматаб буго гьабсагIаталдаги ВатIан цIунулезда тIаде ккараб къо. Гьале санал унел руго I4 соналъ Украиналда бугеб гIурус халкъалда тIад националистаз тIадецуй гьабулеб букIун, Россиялъ гьениб спецоперация тIобитIизе байбихьаралдаса. Дунялалъулго пачалихъазул ярагъги тIаде рехун, захIматал рагъал унел руго гьабсагIаталдаги гьенир. Спецоперациялда гIахьаллъулел руго нилъер районалдасаги гIолохъаби. ВатIан цIуниялъулъ гьениб унго-унгояб мисал бихьизабулеб буго гьез. РакI-ракIалъулаб баркалаги кьолаго рагъ лъугIун тIадруссин гьарула жакъа гIолохъабазе!

Хадубккунги яргъилал къуватаз рекъел ва гIодобе биччараб ахIва-хIал букIинабиялъе рихьизарурал хIасилал хвел гьечIел руго.

Гьарула щивасе сахлъи, халатаб, баракатаб гIумро,



гьабулеб ишалъулъ икъбал. Биччанте хадубккун нилъеда тIад роцIараб, ракълилаб зоб букIине. Щивасе гьабулеб ишалъулъ гьарула икъбал!

**ГI. НУРМУХIАМАДОВ**
**«Унсоколо район» МОялъул бетIер**

Къуватаб Россия

## Рагъазулъ къурбанлъарал ракIалде щвеялъе



**I6 февралалда Унсоколо районалда роха-хинлъиялъул ахIвал-хIалалда рагьана ВатIаналъе гIоло батIи-батIиял рагъазулъ къурбанлъарал бархIарзал ракIалде щвеялъе бараб памятник. Гьелъул тадбир бухьинабун букIана Афганистаналда нилъер войска нахъе бачаралдаса 35 сон тIубараб къоялда.**

ПамятникрагьулебданчIваялде ахIун рукIана Афганистаналъул рагъул г1ахьалчагIи ва цогидалги рагъулал ишазда хурхарал гIадамал. Киналго цересел рагъазулъ гIахьаллъараз бихьизабуна Россиялъул биххи гьечIеб къуват, къо хIехьей, ВатIаналъе гIоло рухI кьезе хIадурги рукIун, Афганалъул рес къотIарал гIадамазе кумек-кверчIвайги гьабулаго, Россиялъулаз г1аданлъиялда рук1ине бажари дунялалъего даимлъизабуна. Киналго дандчIварал захIмалъабиги нахъа тун, тIад руссана гьел гIагараб ВатIаналде. ТIад руссинчIел абуни даимго хутIила нилъер ракIазулъ!

Ахирияб заманалда Украиналъул СВОялдасаги рачIунел руго ракI-разиял баянал. Нилъер рагъухъабаз чIезе кколеб бакI бихьизабулеб буго кьал бекьулезда. Гьез цересел солдатазго гIадин таваккалалда цIунулеб буго нилъер къуватаб ВатIан. ГIагарлъе абе Украиналъул халкъалъе къварилъи гьабулезда тIад бергьенлъи босулеб къоги!

Рищиял

## ХIадурлъи – щивасул иш



Гьал къоязда бетIер ГI. НурмухIамадовас цереругел РФялъул Президентвищиялъул рищиязде хIадурлъиялъул суал гьоркьоб лъун данделъи тIобитIана. Гьениб гIахьаллъи гьабула ДЮШСазул директораз, ясли-ахазул нухмалъулез. ДанчIваялда тIадчIей гьабула рищиязул участкабазда щвелде щвараб хIадурлъиялъул хIалтIи гIуцIиялде.

«Цере ругел рещиял араб куцалда рарал руго улкаялъул церетIеялъул гIемерал рахъал хасго хIинкъи гьечIолъи букIин».

Гьеб бичIчIизабизе ккола щивас гIагарлъиялда, гьу-дул гьалмагъзабазда ва маду-гьаллъиялда,-ян бихьизабуна данделъиялъул гIахьалчагIазда цеве к1алъалаго бетIер ГI. НурмухIамадовас.

## СВОялъе-кумек



20 февралалда «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовас СВОялъул гIахьалчагIазе гуманитарияб кумек хIисабалда къуна УАЗ автомобиль ва кванил продуктаби. Гьединго СВОялъул гIахьалчагIизе кумекалъе хIажатаб бакIарана районалъул школаз ва ясли-ахаз. Гьеб гьабуна ВатIан цIунелезул Къоялъул хIурматалда.

ГI. НурмухIамадовас рагъул гIахьалчагIазе гьарана бергьенлъигун хехго жидерго къайиялде тIад русин. «Спецоперациялъул хIасилал лъикIал руго. нижеца нуж къабул гьаризе руго ракълилаб гIумроялда»,-ян бихьизабуна бетIерас.

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 8 (78011)
22 Февраль Хамиз 2024 сон

2 гьумер

**Палистиналъе кумекалъе**

20 февралалда бетIерас жиндерго кабинеталъув тIаде къабул гьавуна районалъул «Инсан» фондалъул нухмалъулев Артур ГIабдуразакъов.
ДандчIваялда фондалъе администрациялъ бакIарараб кумек къуна гьесухъе Палистинаялъулазе битIиялъул мурадалда. Гьенибго бихьизабуна къварилъи ккаразе кумекалъе кидаго хIадур ругилан.



ДандчIвай

# ЦIияб программа хIалтIизе буго



Гьал къоязда районалъул бетIерасул нухмалъиялда гьоркь райадминистрациялда данделъи тIобитIана «Простаранствоялъул баянал данде росараб миллияб система, ТIубараб реестр»- абураб темаялда.

Данделъиялда гIахьаллъи гьабула бетIерасул зам. Хъ-М ГIабдулхаликъовас, ракьулгун кадастровиял ишазул рахъалъ ва буголъиялда хурхун райадминистрациялъул МКУялъул нач. М. МухIастанов, аппаратальул нухмалъулей П. ГIалиева, «ЗАК» ОООялъул нухмалъулев М. Зираров, отделазул специалистал, муниципалитеталъул росабазул бутIрул.

Данделъи рагьулаго ГI. НурмухIамадовас тIадчIей гьабуна гьеб программаялъул хадубккунисеб хIалтIуе, социалиябгун экономикияб цебетIеялъе,ай районго цебетIезабиялъе бугеб кIваралда. Программа хIалтIизабичIого гIумроялде бахъинабизе кIвезе гьечIо цIиял социа-лиял объектал рай. Цоги гьадинаб лъикIлъи ккола НСПДялъул хадубккун росабазда жанисел нухал къачIазе руго федералияб бюджеталдасан.

Щибал кIалъазе рахъараз жидерго пикру бицана НСПДялда хурхун, росабазул бутIрузда бичIизабуна территориязда программа хIалтIизабулаго дандчIвалел захIмалъабазул, хIалтIизе кколеб куцалъул. Гьезул суалазе чIван къотIарал жавабал къуна кIалъазе рахъарал программа лъалез. ГIахьаллъаразул чIагояб интерес бижизабуна «ЗАК» ОООялъул нухмалъулев М. Зираровасул кIалъаялъ.

Гьоркьоб лъураб суалалда хурхун чIван къотIараб жавабалги щолеб пайдаяб семинар интересаб куцалда ана.

ВатIаналъе-хъулухъ

# БитIккей гьарула



Араб анкьалда районалъул бетIергун ва информациялъулаб от-делалъул мухбирзабигун дандчIвана Рихьуни росулъа Украиналъул гIорхъода Бел-городалда аскIоб ВатIаналъе хъулухъ гьабулев вук1арав дагъав цевегIан рокъове тIад вусарав ХIабиб ХIамзатовгун.

Жиндирго ккарал лъугьа-бахъиназул бицана гьес нижеда: Цо сордоялъ нацистазул группаялъ тIадекIанцIи гьабуна гьа-зул часталъул чIел бугеб бакIалде. Гьеб букIана тохлъукьегояб тIадекIанцIи, чангояв лъукъана. Тохлъукьегояб тIадекIанцIиялда гъеж лъукъана ХIабибилги. КIиго моцIалъ сах гьавуна Тамбовалъул больницаялда. 2023 соналда тIад вусана армиялдаса. г1олиласул мурад бугоан лъукъа-къот1иялдалъун ккараб зарал т1адал идарабаз х1исабалде боси.

ГIолиласухъ гIенеккана ГI. НурмухIамадов ва букIараб хIал лъазабиялде к1вар бусинабеян тIад къана иш тIаде кколезда.

Хадубккунги битIккей гьарула гIолиласе!

РекIел унтаби

# *Диетологасул гIакълаби*

**Холестерин рохаликьа хIинкъула**

Махсаро-хочIгун гIумро къабул гьабулел гIадамал гIемерго дагь унтула рекIелгун бидурихьазул унтабаз, къварилъахъдулаго гIумро тIамулезда дандеккун. 5-7 минуталъгIаги рохалида,релъанхъулаго къойида жаниб заман т1амулезул рекIелгун бидурихьазул унтаби гIемерго дандчIваларо. Медиказ ч1езабун буго релъанхъи кколин холестерин чорхолъа къватIибе инабулеб, гьеб бихха - хвезабулеб дару,-абун.

- Лъалеб букIахъе рекIел унтабазул аслияб тушман ккола холестерин. Бидурихьазул стенкабаздаги рекIун, гьенир бляшкабиги гIуцIун, къварид гьарула гьелъ бидурихьал. Гьеб абуни гьукъизе бигьаяб бук1уна сах гьабиялдаса.



**Кин бугониги диагноз лъун буго. Щиб гьабилеб?**

ТIадагьаб диета ва физ-культура гIела байбихьулаб атеросклерозалъул х1ал рукIалиде ккезабиялъе. Амма нилъеца гIемерго рикIкIаде щвечIого гьелъул хIисаб гьабуларо. Гьелъул байбихьулаб сиптомал ккола: гIиллаго гьечIого борлъулеб гIадаб унти бохдузулъ букIин, дагьабго физическияб хIалтIи гьабуниги ракI кьабизе лъугьин, захIмалъула хIухьел босизе, хIенсола ракI, бахине лъугьуна давление, гьава-бакъалъги хIал хисизабула чорхол.

Гьединал симптомал загьирлъани, хехлъи гьабе врачасухъе. КIочонге бича-бихьан тараб атеросклероз бигьаго сахлъулареблъи. Амма холестериналда данде чIараб диетаялъ ва физическияб хIалтIуца х1асил къечIого толаро. Заман бараб атеросклерозалъе тIубанго инкар гьабизе ккола хIайваналъул къаралъиялдаса, киналго рухIулел жалаздаса, маринадалдаса, цIамул лъелъе рарал, копчениял, киналго нах гIемерал квеназдаса, хъахIаб чадидаса, бежараб кванидаса, чакар-гьуинлъиялдаса, гьекъолеб жоялдаса.

**Аслияб квенлъун букIине ккола – кашал.**

Вегетерианскиял чурпаби, релъарал овощал, рахьдал продуктаби, ралъдал чIугIа, багIаргьоло, пихъал, бахчабазул культураби, компотал ва гь.ц. Гьединал квеназда чIезе ккола лъагIалицаг1аги. Физкультура бак1ине ккола цадахъго. Бухьен кквe врачасулгун.

Врачас бихьизабураб сах-гьариялда цадахъ гьекъе коктейлал, овощазул сокал ва хурдузул рахъарал лъинал, холестерин биинабулел настоял, сосудал рац1ад гьарулел жал. Гьел рахъизе бегьула гъацIидул, лимоналъул ва цогидалъулги.

Врачас бихьизабураб сахгьавиялда цадахъ х1ажалъула овощазулгун пихъазул сокал бидурихьал рацIад гьариялъе. Бахъе ламадуралъул сок, гьелда цадахъ журазаре, сельдереялъул, охцеразул, петрушкаялъул, шпинаталъул, чIакIултIаналъул ва ражидул рахъарал жал. Журазаре гьел, гьекъе гьицIаб рекIеда. **Радал гьекъе-ламадур, сельдерей, петрушкаялъул, шпинаталъул; щиялъул гьадинан граммал данде ккезарун (7:4:2:3).**

**Къаде-цIияб ламадур,чIакIултIан, сельдерей (8:3:5). Къасде кваназе ккола гьел соказул смесь жубазабун, цадахъго бегьула ламадур, охцер ва ражи (4:2:I).**

Гьедин лъагIалида жаниб 4 нухалъ щибаб кварталалъ гьабила сахгьари. Профилактикаялъе гьекъела компотал, пихъазул сокал. **РекIелгъеялда рукIа, къварилъаби къвинаризе ругьунлъе, махсаро-хоч1алъги кумек гьабула унти цебехун унгутIиялъе.**

**Н.Осипенко, врач-диетолог**

## Седалишнияб нерв унтун бугони

Седалишнияб нерв унтун бугони, босе къагIрил мохмох. Гьеб гIодобе биччараб цIадуда биинабе, бикье лъабго бутIаялде. Щибаб къоялъ гьицIаб рек1еда, ай кваначIого гьекъе цо-цо бутIаккун.

## РакIалда жо чIей лъикIлъиялъе

Щибаб къойил радал дагьабго къадар мохмохил биараб жо гьекъолеб бугони, ракIалда жо чIей лъикIлъула, гьелъ лъикIлъизабула гIадалзул нахулъ би хьвадиги, чорхолъе бач1уна бета-карант, гьелъ щула гьарула бидурихьал, рукIалиде ккезарула белокалъулгун жиралъул баланс, гормоналияб фонд. Мохмохалъулъ буго омега-6, омега-3, йод букIиналъ гьеб лъикIаб буго щитовиднияб железаялъе, ца-кIалалъе ва рукьбузе, мохмохалъ лъикIлъизабула канлъи, чорхолъе бачIинабула рухI-жан.

Ахихъан

Районалъул газета
№ 8 (78011)
Хамиз
22 Ферааль 2024 г

3 гъумер

# Садовод

Страница в номере



## Решение о внесении изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Унцукульский район» РД, утвержденный Собранием депутатов МР «Унцукульский район» 25.12.2023 № 76 включен в государственный реестр уставов муниципальных образований РД и зарегистрирован 07.02.2024 № RU055340002024001.

### РЕШЕНИЕ

**овнесенииизмененийидополненийвУставмуниципального образования «Унцукульский район» РД**

**Принято Собранием депутатов 25 декабря 2023 года №76**

С целью приведения Устава муниципального образования «Унцукулький район» в соответствии с Федеральным законом от 06.10.2003 №131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации» (в редакции Федерального закона от 06.02.2023 **№12-ФЗ, 10.07.2023 № 286-ФЗ, и** законами Республики Дагестан, Собрание депутатов муниципального района «Унцукульский район»

### РЕШАЕТ:

I.Внести следующие изменения и дополнения в Устав муниципального образования «Унцукулький район»:

**1 Статью 27 дополнить частью 5.1 следующего содержания:**

«5.1 Депутат Собрания депутатов муниципального района, освобождается от ответственности за несоблюдение ограничений и запретов, требований о предотвращении или об урегулировании конфликта интересов и неисполнение обязанностей, установленных Федеральным законом от 06.10.2003 №131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации» и другими федеральными законами в целях противодействия коррупции, в случае, если несоблюдение таких ограничений, запретов и требований, а также неисполнение таких обязанностей признается следствием не зависящих от указанных лиц обстоятельств в порядке, предусмотренном частями 3 - 6 статьи 13 Федерального закона от 25 декабря 2008 года N 273-ФЗ «О противодействии коррупции».»;

**2 В статье 28:**

а) часть 5 признать утратившей силу;
б) часть 2 дополнить абзацем следующего содержания:
«Полномочия депутата Собрания депутатов муниципального района прекращаются досрочно решением Собрания депутатов муниципального района в случае отсутствия депутата без уважительных причин на всех заседаниях Собрания депутатов муниципального района в течение шести месяцев подряд.»;

**3.Статью 29 дополнить частью 7.1 следующего содержания:**

«7.1 Глава муниципального образования освобождается от ответственности за несоблюдение ограничений и запретов, требований о предотвращении или об урегулировании конфликта интересов и неисполнение обязанностей, установленных Федеральным законом от 6 октября 2003 г. № 131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации» и другими федеральными законами в целях противодействия коррупции, в случае, если несоблюдение таких ограничений, запретов и требований, а также неисполнение таких обязанностей признается следствием не зависящих от него обстоятельств в порядке, предусмотренном частями 3 - 6 статьи 13 Федерального закона от 25 декабря 2008 года N 273-ФЗ «О противодействии коррупции».».

**Председатель Собрания** **Глава муниципального района**
**___________М.Б.Юсупов** **____________И.М.Нурмагомедов**

**РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН**
**Унцукульский район**
**Собрание депутатов муниципального района**
**368950 Республика Дагестан Унцукульский район, п. Шамилькала, ул.М. Дахадаева 3, т. 55-62-87 Email: uncuk_sobranie от 25 января 2024 года**

### РЕШЕНИЕ № 78

**Об отчете врио начальника отдела МВД России по Унцукульскому району-подполковника полиции Магомедова А.З. по итогам оперативно-служебной деятельности отдела за 2023 год**

На основании пункта 3 статьи 8 Федерального закона РоссийскойФедерации от 7 февраля 2011 года № 3-ФЗ «О полиции», руководствуясь Уставом муниципального образования «Унцукульский район», решением Собрания депутатов муниципального района «Об утверждении Порядка организации и проведения отчета начальника отдела МВД России по Унцуукульскому району перед Собранием депутатов муниципального района», заслушав и обсудив отчет врио начальника отдела- подполковника полиции Магомедова А.З., Собрание депутатов муниципального района

### РЕШАЕТ:

1. Принять к сведению отчет врио начальника отдела МВД России по Унцукульскому району-подполковника полиции Магомедова А.З. по итогам оперативно-служебной деятельности отдела за 2023 год.
.
2. Признать деятельность отдела МВД России по Унцукульскому району удовлетворительной.

3. Предложить отделу МВД России по Унцукульскому району:

-продолжить проведение системных профилактических мероприятий по информированию граждан о преступлениях, совершаемых с использованием информационно-телекоммуникационных технологий;

-организовать производство печатных материалов, памяток для распространения во всех учреждениях и организациях района, в общественных местах, изготовление и размещение баннеров с информацией предупредительно-профилактического характера в доступных для населения местах, рассмотреть вопрос о трансляции аудио-вещания в сетевых магазинах, объектах общественного питания, а также досуга населения.

4. Администрации муниципального района в рамках выполнения полномочий по обеспечению безопасности дорожного движения в тесном взаимодействии с отделом МВД России по Унцукульскому району, а также хозяйствующими субъектами, отвечающими за содержание дорожной сети обеспечить меры по улучшению ситуации с обеспечением безопасности дорожного движения.

5.Рекомендовать органам местного самоуправления района, городского и сельских поселений, входящих в состав муниципального района «Унцукульский район», учреждениям, организациям оказывать содействие сотрудникам отдела МВД России по Унцукульскому району при выполнении возложенных на них обязанностей, принять меры по обеспечению безопасности, охраны общественного порядка и снижения уровня преступности на соответствующих территориях.

6.Настоящее решение опубликовать в районной газете «Садовод» и разместить на официальном сайте администрации муниципального образования «Унцукульский район» в информационно-коммуникационной сети Интернет.

**Председатель Собрания** **М.Б.Юсупов**

# РЕШЕНИЕ № 79

**О ходе подготовки к предстоящим выборам Президента Российской Федерации на территории муниципального района**

Заслушав доклад председателя территориальной избирательной комиссии Унцукульского района Магомедалиева К.Р. о подготовке к выборам Президента Российской Федерации 17 марта 2024 года, Собрание депутатов муниципального района

РЕШАЕТ:

1.Принять к сведению доклад председателя территориальной комиссии Унцукульского районаМагомедалиева К.Р.

2.Предложить территориальной избирательной комиссии продолжить проведение совместной работы с правоохранительными органами района по обеспечению охраны, безопасности и общественного порядка в избирательных участках и в населенных пунктах, где проводятся выборы.

3.Предложить главам сельских и городского поселений обеспечить помещения участковых избирательных комиссий техническими средствами для обеспечения безопасности проведения выборов (пожарная сигнализация, видео-наблюдение, тревожные кнопки и т.д.).

4.Предложить председателям Собраний депутатов и главам сельских и городского поселений, входящих в состав муниципального района мобилизовать депутатов, руководителей учреждений, организаций для организации явки избирателей в день голосования.

**Председатель Собрания М.Б.Юсупов**

# Интервью Председателя ТИК Унцукульского района Камиля Расулова

**Как известно, с 15 по 17 марта пройдут выборы Президента РФ. До этого судьбоносного события осталось не так много времени. О том, какие ожидаются изменения в предстоящей выборной кампании, мы попросили рассказать председателя ТИК Унцукульского района Камиля Расуловича.**



**Как проходит подготовка к реализации проекта «ИнформУИК»?**

В настоящее время ТИК Унцукульского района подобраны ответственные лица (координаторы) за организацию проекта на уровне ТИК района и Участковых избирательных комиссий, подобраны члены участковых избирательных комиссий для участия в информационно-разъяснительной работе методом поквартирного (подомового) обхода и сформирован их реестр.

Все члены комиссии, т. е. 93 обходчика нашего района, которые будут задействованы в данном мероприятии, прошли дистанционное обучение и успешно протестированы.

**Что будет представлять собой обход избирателей в рамках проекта и в какие сроки он пройдёт?**

Планируется проведение 1-й волны информирования с высоким качеством обхода в период с 17 февраля по 7 марта 2024 года. Повторный заход может осуществляться в домовладения, где члены УИК не застали избирателей в рамках общего срока обхода.

Обходчики, получив маршрутное задание, будут совершать подомовой обход избирателей, проживающих на их избирательном участке, и разъяснят о месте расположения участковой избирательной комиссии, к которой будет относиться избиратель, времени работы участковой комиссии, датах, способах голосования и механизме «Мобильный избиратель» (порядок голосования, когда избиратель находится вне места своей прописки). Работа в помещении начинается с выбора отвечающего на вопросы, далее происходит уточнение данных по всем избирателям, зарегистрированным в данном помещении. Сразу хочу отметить, что вопросов немного, все ответы избирателя обходчик сразу будет вводить в мобильное приложение.

С собой у обходчиков будут унифицированные информационные раздаточные материалы по единым макетам, подготовленным Центральной избирательной комиссией РФ.

Будет предложено два вида раздаточных информационных материалов:

лифлет – информационная листовка, содержащая приглашение на выборы; информацию о сроках голосования, возможных форм и способов голосования (с QR-кодами для быстрого перехода); временем работы, адресом и контактами избирательного участка; ссылку на информационные ресурсы ЦИК России и ИКСРФ (сайты, ТГ-каналы, телефоны горячей линии); информационная листовка о зарегистрированных кандидатах.

**Камиль Расулович, как избирателям распознать обходчиков?**

Обходчики в обязательном порядке используют атрибутику и экипировку: бейдж с указанием ФИО, удостоверение члена УИК с синей печатью, фото и подписью председателя УИК, а также нагрудный знак.

**В какое время ждать обходчиков?**

Время обхода определено в рабочие дни – с 16:00 до 21:00 часов, в выходные дни – не ранее 10 часов утра до 20:00. Отмечу, что данное время носит рекомендательный характер, так как контингент жителей разный. Так, к избирателям пенсионного возраста или работающим по иному графику могут прийти и в удобное для них время.

**Можно ли проголосовать в другом месте?**

Как и в предыдущие выборные кампании, так и на выборах президента России заработал механизм «Мобильный избиратель», который даёт возможность избирателю проголосовать на любом избирательном участке на территории страны.

Для этого необходимо подать заявление до 11 марта 2024 года о включении в список избирателей по месту нахождения в пунктах приёма заявлений: -в любую территориальную избирательную комиссию (ТИК) с 29 января по 11 марта 2024 года: по рабочим дням с 12.00 до 20.00 ч., по выходным и праздничным дням с 10.00 до 18.00 ч.;-в любой многофункциональный центр предоставления государственных и муниципальных услуг (МФЦ); -в электронном виде, при наличии подтверждённой учётной записи, через единый портал государственных услуг -в любую участковую избирательную комиссию (УИК) с 6 по 11 марта 2024 года: по рабочим дням с 14.00 до 20.00 ч., по выходным и праздничным дням с 10.00 до 14.00 ч.

**Ваши пожелания избирателям?**

Хочу призвать наших уважаемых избирателей оказать нам помощь в проведении данного мероприятия. Время, которое будет потрачено на общение, составит не более 5-7 минут, ну а о важности данного общения я уже говорил ранее.

Избиратели нашего района всегда были активны, поэтому, думаю, и в эту избирательную кампанию активность будет на самом высоком уровне.

Призываю к активному участию в голосовании, мы ждём вас на избирательных участках!

**Спасибо за разъяснения, Камиль Расулович!**

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация
Унцукульского района

Главный редактор

КЕБЕДМАГОМЕДОВА
САНИЯТ
КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 14. 32. 2024г.
15. 40
фактически -15 . 40 мин.
.........................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 988 экз.